

Commonwealth Massachusetts LA

DEPATMAN SÈVIS PIBLIK

D.P.U. 26-90

24 Avril, 2026

Ankèt pa Depatman Sèvis Piblik, sou pwòp inisyativ li, k ap mete sou pye yon pwosedi pou adopte règleman dapre G.L. c. 30A, § 2; G.L. c. 25, § 2; ak 220 CMR 2.00 pou yon amandman sou règleman Konpayi Rezo Transpò yo nan 220 CMR 274.00, epi pou pwomilge Estanda Konfòmite pou Chofè Konpayi Rezo Transpò yo nan 220 CMR 275.00, Pratik ak Pwosedi Konpayi Rezo Transpòasyon nan 220 CMR 276.00, ak Elektrifikasyon Veyikil ki nan Rezo Transpòasyon nan 220 CMR 277.00.

LÒD POU OUVÈTI PWOSEDI RÈGLEMEN AN

TABLO KONTNI YO

| | |
|---|----|
| REZIME | 3 |
| I. ENTWODIKSYON..... | 3 |
| II. RÈGLEMEN YO PWOPOZE 220 CMR 274.00: TRANSPORTATION NETWORK SIVEYANS KONPAYI A..... | 5 |
| A. Entwodiksyon | 5 |
| B. Aplikasyon pou Pèmi TNC | 5 |
| C. Egzijans ak Sètifika Chofè yo | 6 |
| D. Verifikasyon Antesedan pou Chofè yo..... | 7 |
| E. Egzijans pou Veyikil ak Orè Sèvis | 9 |
| F. Proteksyon Done..... | 10 |
| G. Vwayaj ki Pwograme Deja | 11 |
| H. Konsève Dosye yo ak Rapòte yo | 12 |

| | |
|--|----|
| I. Enspeksyon ak Odit..... | 13 |
| J. Pri ak Tarif..... | 13 |
| K. Avi ak Varyans | 14 |
| III. RÈGLEMAN YO PWOPOZE A 220 CMR 275.00: ESTANDA KONFÒMITE POU CHOFÈ KI NAN REZO TRANSPÒ A | 14 |
| A. Entwodiksyon | 15 |
| B. Domèn, Konstriksyon, ak Aplikasyon | 15 |
| 1. Dispozisyon pou Minè | 15 |
| 2. Dat Kòmansman pou peryòd Revizyon Retwospektiv yo | 15 |
| 3. Sispanasyon Lisans..... | 16 |
| 4. Jijman Altènatif oswa Jijman Retni | 16 |
| C. Peryòd Revizyon Retwospektiv Aktyèl | 18 |
| D. Peryòd Revizyon Retwospektiv Yon Ane | 18 |
| E. Peryòd Revizyon Retwospektiv Twa Ane | 18 |
| F. Peryòd Revizyon Retwospektiv Sèt Ane | 18 |
| G. Peryòd Revizyon Retwospektiv Dis Ane | 19 |
| H. Peryòd Revizyon Retwospektiv San Limit..... | 20 |
| IV. RÈGLEMAN YO PWOPOZE 220 CMR 276.00: DIVIZYON KONPAYI REZO TRANSPÒTASYON AK PRATIK PROSEDI YO | 20 |
| A. Entwodiksyon | 21 |
| B. Règleman Jeneral | 22 |
| C. Apèl/Kontestasyon Chofè a Devan Divizyon an | 22 |
| D. Apèl Kont Dezaktivasyon Chofè a Devan TNC | 23 |
| E. Pwosedi pou fè Respekte Règleman TNC yo..... | 23 |
| V. RÈGLEMAN YO PWOPOZE 220 CMR 277.00: ELEKTRIFIKASYON VYIKIL NAN REZO TRANSPÒTASYON AN | 24 |
| A. Entwodiksyon | 24 |
| B. Politik Klima Commonwealth la..... | 25 |
| C. Règleman sou Elektrifikasyon Veyikil ki nan Rezo Transpò a | 27 |
| VI. CHÈCHE FÈ KÒMANTÈ..... | 28 |

REZIME

Atravè Lòd sa a, Divizyon Konpayi Rezo Transpò ("Divizyon") nan Depatman Sèvis Piblik la ouvri yon pwosedi pou mete ajou règleman li yo ki gouvènè Konpayi Rezo Transpò (yo rele li tou "konpayi rideshare/konpayi transpò pataje") ak chofè yo epi ankouraje elektrifikasyon machin transpò pataje yo. Depi 2017, Divizyon an ap sipèvizè konpayi transpò pataje yo ak chofè yo, fòkis sou kalifikasyon chofè yo ak sou efò Konpayi Rezo Transpò tankou Uber ak Lyft pou asire sekirite piblik k ap vwayaje a.

Selon eksperyans nou nan jere kèk santèn de milye verifikasyon sou dosye chofè ak aplikasyon lwa ki gen rapò ak konpayi transpò pataje, Divizyon an pwopoze aktyalizasyon ki gen rapò ak estanda apwopriete li itilize pou evalye chofè transpò pataje yo, pwosesis pou bay pèmi pou konpayi transpò pataje yo, ak pwòp pratik ak pwosedi Divizyon an. Anplis de sa, Divizyon an pwopoze règleman pou aplike yon direktiv lejislatif ki soti nan 2022 pou entwodui elektrifikasyon flòt machin transpò pataje yo etap pa etap.

Règleman sa yo ta dirije konpayi transpò pataje yo pou soumèt plan chak de (2) ane pou avanse pwogram elektrifikasyon yo. Divizyon an ap chèche kòmantè sou règleman sa yo ki pwopoze nan men tout moun ki konsène, espesyalman chofè transpò pataje yo, konpayi transpò pataje yo, ak piblik la an jeneral ki itilize sèvis transpò pataje yo.

I. ENTWODIKSYON

Divizyon Konpayi Rezo Transpò a ("Divizyon an") te fòme an 2017 pou reglemante Konpayi Rezo Transpò yo ("TNCs"), ke yo rele tou konpayi transpò pataje oswa konpayi yo rele pou yon kous/woulib lè moun nan bezwen. G.L. c. 159A½. Divizyon an anba sipèvizyon jeneral ak kontwòl Depatman Sèvis Piblik yo ("Depatman an"). G.L. c. 25, § 23(a). Kounye a, konpayi TNC sa yo ap opere nan Massachusetts: (1) Rasier, LLC (ki rele tou "Uber"); (2) Lyft, Inc. (ki rele tou "Lyft"); (3) River North Transit, LLC (ki rele tou "Via" Transpò); (4) UZURV, LLC; ak (5) SilverRide, Inc.

Nan 2017, Depatman an te pibliye règleman ki tabli estanda konfòmite pou TNC yo ak chofè yo, ansanm ak règ pwosedi ki gouvènè ankèt ak apèl Depatman an. 220 CMR 274.00: Konpayi Rezo Transpò. Depi 2017, Divizyon an te fè plis pase 800,000 verifikasyon sou istwa, revize de milye apèl chofè konpayi rezo transpò yo ("Chofè yo"), fè plizyè odit konfòmite ak

ankèt, epi enpoze plizyè milyon dola amann sivil sou TNC yo pou pa konfòme yo ak lwa leta. Selon konesans ak eksperyans sa a, Depatman an idantifye opòtinite pou amelyore regilasyon TNC yo ak Chofè yo.

Anplis de sa, nan dat 11 Out 2022, [Yon Lwa pou Ankouraje Enèji Pwòp ak Enèji Van sou Lanmè, Chapit 179 nan Lwa 2022 yo](#) ("2022 Clean Energy Act") (← Lwa sou Eneji Pwòp) Li te siyen kòm lwa. Pami lòt dispozisyon yo, Lwa sou Enèji Pwòp 2022 la egzije Depatman an etabli yon pwogram pou diminye emisyon gaz lakòz efè tèmik ("GHG") ki soti nan Veyikil Rezo Transpò ("TNVs" oswa "Veyikil yo"). St. 2022, c. 179, § 47.

Kidonk, nan Lòd sa a, epi dapre G.L. c. 30A, § 2 ak 220 CMR 2.00, Depatman an kòmanse yon pwosedi pou fè règleman epi pwopoze pou opinyon piblik: (1) amannman nan 220 CMR 274.00 ("Konpayi Rezo Transpò"); (2) etablisman 220 CMR 275.00 ("Nòm Kalifikasyon pou Chofè Rezo Transpò"); (3) etablisman 220 CMR 276.00 ("Pratik ak Pwosedi Divizyon Konpayi Rezo Transpò"); epi (4) Etablisman 220 CMR 277.00 ("Elektrifikasyon Veyikil Rezo Transpò"). Depatman an pwopoze langaj pou klarifye sèten dispozisyon, asire konsistans, korije ti erè, mete ajou referans, epi efase enfòmasyon ki pase mòd, ki repete twòp, oswa ki pa nesèsè. Règleman pwopoze yo ka sibi plis amannman apre resevwa kòmantè piblik epi y ap antre an vigè lè yo finalman pibliye li nan rejis Massachusetts la. Jan sa endike nan Avi sou Odyans Piblik ak Demann pou Kòmantè ("Avi"), Depatman an pral fè de odyans piblik, envite moun ki gen enterè yo patisipe nan yon konferans teknik entèaktif, epi aksepte kòmantè alekri pou Règleman Pwopoze 220 CMR 274.00, 220 CMR 275.00, 220 CMR 276.00, ak 220 CMR 277.00.

Depatman an rezime eleman règleman pwopoze yo nan Lòd sa a epi li bay yon seri kesyon sou dosye nou te mande pou aktè pregnant yo te kòmante.¹ Seksyon II nan Lòd sa a konsène TNC yo. Seksyon III nan Lòd sa a konsène Chofè yo. Seksyon IV nan Lòd sa a konsène Pratik ak Pwosedir Divizyon TNC yo. Seksyon V nan Lòd sa a konsène Elektrifikasyon Machin Rezo Transpò yo.

II. RÈGLEMEN PWOPOZE 220 CMR 274.00: SIVEYANS KONPAYI REZO TRANSPÒTASYON

A. Entwodiksyon

Jan nou dekri sa la, pou ogmante sekirite piblik, klarifye responsablite Divizyon an, epi amelyore efikasite administratif, Depatman an pwopoze pou modifiye règleman li yo ki te deja egziste pa separe kèk eleman ki kounye a enkli nan 220 CMR 274.00. Kidonk, tit règleman 220 CMR 274.00 la pral chanje soti nan "Konpayi Rezo Transpò" pou vin "Siveyans Konpayi Rezo Transpò." Anplis, Depatman an pwopoze kreye règleman separe pou estanda kalifikasyon chofè yo.² – Règleman pwopoze

220 CMR 275.00 – epi pou apèl ak pwosedir aplikasyon pou chofè ak TNC yo – Règleman pwopoze 220 CMR 276.00. Seksyon ki vin apre a rezime chanjman regilasyon prensipal yo pwopoze pou 220 CMR 274.00.

B. Aplikasyon pou Pèmi TNC

Depatman an pwopoze revize règleman ki gen rapò ak pwosesis aplikasyon pou Pèmi TNC ("Pèmi") pou bay Depatman an plis fleksibilite pou revize aplikasyon biznis k ap chèche

¹ Tache isit la kòm Apendis A se yon kopi Règleman Pwopoze yo make pou montre chanjman ki enkòpore isit la. Nou atache ladan li Apendis B ki se yon vèsyon san mak Règleman Pwopoze yo.

² Sòf si yo presize otreman, tout tèms ki ekri ak lèt majiskil yo gen siyifikasyon ki atribiye a yo pa G.L. c. 159A½, § 1 ak 220 CMR 274.02.

bay Sèvis Rezo Transpò ("Sèvis") nan kominote a. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.03. Depatman an te pwopoze pou kodifye diskresyon li pou detèmine fòm ak kontni yon aplikasyon pou pèmi, pou presize faktè adisyonèl ki ka konsidere lè y ap revize konpetans biznis yon aplikan, sa ki enkli kapasite aplikan an pou asire ke pasajè k ap itilize chèz woulant, pasajè ki itilize bèt domestik kòm gid pou ede yo, epi

Yo fè aranjman pou pasajè ki gen dezabilite/twoub, epi yo etabli yon peryòd pou re-aplike pou aplikan ki te pran refi yo. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.03. Anplis, Depatman an pwopoze presize ke yon antite ki bay ak/oswa itilize yon Rezo Dijital pou Sèvis ka kalifye kòm yon TNC epi ke tèm "Sèvis" la enkli benefis finansye dirèk oswa endirèk, pa sèlman peman tranzaksyonèl pou pri vwayaj la. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.02 (definisyon "TNC" ak "Sèvis"). Depatman an ka mande tou yon TNC pou devlope ak aplike politik ak pwosedi operasyon estanda pou kenbe pèmi li. Règleman pwopoze 220 CMR 274.15.

Depatman an pa kolekte frè/kòb aplikasyon nan men TNC yo kounye a. Jan sa otorize pa G.L. c. 159A½, § 3(e), Depatman an pwopoze pou kolekte yon frè aplikasyon ki egal a \$5,000 ak yon frè renouvèlman aplikasyon yo ki egal a \$2,500. Règleman pwopoze 220 CMR 274.03(4). Depatman an ka egzante/retire oswa modifiye frè sa yo si gen yon bon rezon pou yo fè sa, sa ki ka enkli konsiderasyon gwosè TNC a. Règleman pwopoze 220 CMR 274.18.

C. Egzijans ak Sètifika pou Chofè

Depatman an pwopoze elaji kondisyon kalifikasyon chofè yo epi idantifye dokiman yon chofè dwe genyen disponib pou revize pandan li ap bay Sèvis nan Rezo Transpò a, sa ki enkli rapò yon dezyèm enspeksyon nan Massachusetts ki obligatwa dapre 540 CMR 30.05. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.04. Nou rekonèt sèvis pwofesyonèl chofè yo bay ak pou diminye posibilite risk aktivite fwod chofè yo, Depatman an pwopoze pwosedi verifikasyon

idantite ki ranfòse pou asire enfòmasyon kritik ki gen rapò ak verifikasyon antesedan ke yon chofè bay ki kòrèk. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.04(3). Menm jan an tou, konsidere konfyans piblik inik chofè yo genyen, Depatman an pwopoze pou TNC yo bay chofè yo fòmasyon edikatif chak ane sou kijan pou yo kondwi an sekirite ak entèraksyon piblik, sèvis pou pasaje ki gen bezwen espesyal, sansibilizasyon ak prevansyon trafik moun, ak prevansyon pou evite distraksyon lè y ap kondwi. Règleman pwopoze 220 CMR 274.04(4). Depatman an tou pwopoze yon klarifikasyon sou enfòmasyon ke pasaje yo ("Passaje yo") ap resevwa konsènan chofè yo nan fòm yon Sètifika Chofè Rezo Transpò ak kondisyon minimòm sou konfòmite veyikil ke yon chofè yo dwe kenbe pou bay transpò pou pasaje yo ("Vwayaj yo"). Règleman pwopoze 220 CMR 274.05.

D. Verifikasyon Antesedan pou Chofè yo

Depatman an pwopoze chanjman nan kondisyon verifikasyon antesedan li yo ki vize ekilibre sekirite pasaje yo ak piblik la ak opòtinite ekonomik pou chofè yo. Pwopozisyon Depatman an baze sou eksperyans li nan fè plis pase 800,000 verifikasyon antesedan depi lè Divizyon an te etabli.

Depatman an pwopoze pou amelyore presizyon, fyabilite, ak efikasite sou pwosesis verifikasyon antesedan an lè li asire ke li fèt ak itilizasyon enfòmasyon pèsònèl adisyonèl sou chofè a. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.06(1)(c). Kounye a, pwosesis verifikasyon antesedan an depann sou sis dènnye chif Nimewo Sekirite Sosyal yon chofè epi li pa enkli enfòmasyon kontak telefòn mobil. Depatman an pwopoze pou kolekte tout konplè, tout nèf chif Nimewo Sekirite Sosyal moun nan ak lòt enfòmasyon kontak li. Pou diminye posibibilite pou manke enfòmasyon nan dosye verifikasyon antesedan TNC a, Depatman an pwopoze pou TNC yo fè yon nouvo verifikasyon antesedan lè yo aprann enfòmasyon pèsònèl yon Chofè dapre 220 CMR 274.06(c) chanje. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.06(1)(e). Anplis, paske

telefòn selilè se metòd prensipal chofè yo itilize pou kominike ak aplikasyon mobil TNC a (sa vle di Rezo Dijital la), voye notifikasyon sou kalifikasyon atravè nimewo telefòn selilè chofè a ak adrès imel elektwonik li ap asire ke chofè yo resevwa rezilta verifikasyon segondè yo epi yo enfòme sou nenpòt dwa pou fè apèl ki asosye. Règleman pwopoze 220 CMR 274.06(1)(c). Depatman an pwopoze tou pou modifiye definisyon "Rezo Dijital" pou enkli yon aplikasyon mobil. Règleman pwopoze 220 CMR 274.02.

An akò ak G.L. c. 159A^{1/2}, § 3(e), Depatman an pwopoze yon premye frè pou verifikasyon antesedan chofè a ki se ven (20) dola ak yon frè anyèl pou renouvèlman verifikasyon antesedan an ki se dis (10) dola, ke TNC yo ta peye. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.06(1)(c). Yon TNC pa dwe chaje yon chofè oswa yon pasaje pou depans sa yo. Règleman pwopoze a ki se 220 CMR 274.06(3)(f). Depatman an ka retire oswa modifiye depans sa yo si gen yon bon rezon, sa ki ka enkli konsiderasyon gwosè TNC a. Règleman pwopoze 220 CMR 274.19.

Depatman an pwopoze plizyè lòt amelyorasyon nan pwosesis verifikasyon antesedan TNC la. Premyeman, Depatman an pwopoze elaji domèn verifikasyon antesedan an pou enkli rechèch sou dosye kriminel ak istwa kondwi machin nan chak eta kote chofè a te rete ak/oswa te gen lisans pandan sèt dènye ane yo. Règleman pwopoze 220 CMR 274.06(2)(a). Rechèch adisyonèl sa a fèt kèlkeswa adrès yo bay atravè tras Nimewo Sekirite Sosyal oswa revizyon lisans yo te genyen anvan chofè a. Dezyèmman, Depatman an pwopoze pou mande TNC yo fè siveyans kontinyèl sou verifikasyon antesedan yon chofè pou asire revizyon rapid si gen vyolasyon kriminel ki pwobab ak vyolasyon ki gen rapò ak kondwi. Règleman pwopoze 220 CMR 274.06(2)(c). Twazyèmman, Depatman an pwopoze ke founisè verifikasyon antesedan yo dwe soumèt a egzijans akreditasyon pou demontre ke politik, pwosedi, ak pwosesis yo konfòme ak règleman ak regilasyon leta ak federal epi yo fyab. Règleman pwopoze 220 CMR

274.06(2)(h). Finalman, Depatman an ap chèche asire ke estanda verifikasyon antesedan yon TNC yo, omwen, an akò ak Règleman pwopoze yo ki se 220 CMR 275.00 pa klarifye otorite Divizyon an pou jwenn ak revize kritè ke yon TNC itilize, oswa ke li bay yon founisè verifikasyon antesedan an, pou deside rezilta verifikasyon antesedan yon chofè. Règleman pwopoze 220 CMR 274.06(2)(i).

E. Egzijans pou Veyikil ak Orè Sèvis

Pou diminye konfizyon administratif, Depatman an pwopoze klarifye distenksyon ki genyen ant yon Veyikil Rezo Transpò ki sijè a règleman ak regilasyon Divizyon an ak yon veyikil komèsyal ki sijè a sipèvizyon Divizyon Sipèvizyon Transpò Depatman an (gade 220 CMR 272.01). Kidonk, Depatman an pwopoze pou egzije ke yon TNV dwe gen yon kapasite pou nèf moun oswa mwens pase kantite sa, sa ki enkli chofè a. Pwopoze Règleman 220 CMR 274.08(1).

Depatman an pwopoze tou pou klarifye kalite ak tip veyikil ki kalifye pou bay sèvis transpò pasaje tankou machin koup, sedan, ak lòt veyikil lejè (←lis veyikil pou transpò pasaje). Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.08(2). Depatman an pwopoze pou klarifye ke yon taksi ki gen lisans pa ka itilize pou bay moun woulib. Règleman an pwopoze 220 CMR 274.02 (definisyon "Veyikil"). An repons a yon rapò Biwo Responsablite Gouvènman Etazini ki te jwenn ke youn sou sis Veyikil te gen yon rapèl sekirite ouvè,³ Depatman an pwopoze pou egzije TNC yo tcheke rapèl sekirite yo anvan yon veyikil ka itilize pou bay yon woulib epi

³ Biwo Responsablite Gouvènman Etazini, Sekirite Veyikil: Etendè Rikòl Ouvè pami Veyikil Sèvis Transpò Pataje (15 Me 2023) disponib nan <https://www.gao.gov/products/gao-23105996>.

yon fwa chak 365 jou kalandriye apre sa, pou anpeche yon Veyikil ki sijè a yon rapèl bay woulib. Règleman pwopoze 220 CMR 274.08(9).

Anplis de sa, Depatman an ap chèche asire sekirite piblik la lè li etabli, kòm yon pati nan pwosesis pèmi TNC la, yon pwosedi revizyon ak premye apwobasyon pou nenpòt aparans komèsyal ki klere, piblisite ki klere, oswa piblisite sou tèt machin ki fikse sou yon veyikil. Règleman pwopoze 220 CMR 274.08(5)-(6). Pa egzanp, koulè limyè ble, wouj, oswa anbré ki se yon afichaj estatik oswa ki gen yon afichaj k ap klere, k ap balanse, oswa k ap vire, oswa limyè blan ki k ap klere, ki gen koulè ble syèl, oswa limyè k ap flache, sa ka pa an konfòmite ak egzijans sekirite piblik G.L. c. 90, § 7E, 540 CMR 22.05, ak 540 CMR 22.06 e, kidonk, ka fè yon operatè resevwa yon kontravansyon pou veyikil a motè. Piblisite ki chanje fòm ekstèn kò fabrikasyon yon veyikil (tankou ekipman piblisite sou tèt machin nan) ka poze pwoblèm sekirite piblik pou lòt chofè yo.

Depatman an pwopoze tou pou klarifye ke lè yon Chofè ka angaje nan ofri oswa bay Sèvis ki a kumulatif de: (a) tan Chofè a sou Rezo Dijital la pandan l ap kondwi ak pandan l ap tann yon demann Vwayaj, (b) tan Chofè a sou wout pou al chèche yon Pasaje apre li fin aksepte yon demann Vwayaj, ak (c) tan Chofè a apre li fin pran yon Pasaje pandan l sou wout pou ale nan destinasyon Pasaje a. Règleman pwopoze 220 CMR 274.02 (definisyon "Peryòd 1 Mileyaj," "Peryòd 2 Mileyaj," ak "Peryòd 3 Mileyaj"); Règleman pwopoze 220 CMR 274.07. Depatman an pa pwopoze okenn chanjman nan limit kimulatif ki egziste pou ofri oswa bay 12 èdtan sèvis youn apre lòt nan yon peryòd 24 èdtan.

F. Pwoteksyon Done

Nan 2017, Depatman an te pwomilge 220 CMR 274.10 ak 220 CMR 274.13(5) pou asire pwoteksyon done konsomatè yo estoke pa TNC yo. Depi lè sa a, te gen plizyè avansman nan règleman ak regilasyon pwoteksyon done Massachusetts. Nan 2018, Biwo Avoka Jeneral

Massachusetts ("Avoka Jeneral") te dirije yon kowalisyon plizyè eta pou rive nan yon Akò 148 milyon dola ak Uber sou yon vyolasyon done ki te fèt nan tout peyi a. Nan dat 10 Janvye 2019, Lejislati a te amande G.L. c. 93H (sa vle di, Lwa sou Notifikasyon Vyolasyon Done) pou ranfòse wòl Avoka Jeneral la ak Biwo Afè Konsomatè ak Regilasyon Biznis la nan mennen ankèt la epi pou fè respekte konfidansyalite ak pwoteksyon done yo. St. 2018, c. 444. Anplis de sa, nan dat 13 Out 2020, Avoka Jeneral la te kreye yon Divizyon Konfidansyalite ak Sekirite Done pou pwoteje konfidansyalite done konsomatè yo epi pou fè respekte Lwa sou Pwoteksyon Konsomatè Massachusetts la ak Lwa sou Vyolasyon Done a. Konsidere devlopman sa yo, Depatman an pwopoze elimine règleman ki egziste kounye a 220 CMR 274.10 ak 220 CMR 274.12(5) pou diminye kompleksite ki antoure aplikasyon administratif la epi an rekonèt ke Lejislati a konfyè pwoteksyon enfòmasyon ki sijè a règleman sa yo bay Avoka Jeneral la ak Biwo Afè Konsomatè ak Regilasyon Biznis la

G. Vwayaj ki deja pwograme

Depatman an pwopoze pou egzije TNC yo bay karakteristik sekirite amelyore pou Vwayaj yo. Règleman pwopoze 220 CMR 274.10. An patikilye, Depatman an vize egzije TNC yo devlope, epi pou Depatman an apwouve, pwotokòl otantifikasyon amelyorasyon Vwayaj la pou fè li pi fasil pou Pasaje yo verifye ke yo ap monte bon veyikil ki otorize pou yo monte a. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.10(1)(a). Anplis de sa, Depatman an pwopoze pou egzije chak TNC fè verifikasyon idantite chofè yo an tan reyèl de tan zan tan anvan yo bay yo vwayaj la. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.10(2). Depatman an pwopoze ke chak TNC ki enkli nan Rezo Dijital li a (sètadi, aplikasyon mobil) karakteristik ki pèmèt pasaje yo pataje detay sou vwayaj yo ak twazyèm pati (yon lòt moun) yo fè konfyans epi konekte ak fòs lòd (lapolis) an ka si ta gen yon ijans. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.10(1)(b)-(c).

Finalman, Depatman an ap chèche asire sekirite minè yo lè li egzije ke pasaje ki poko gen 16 zan akonpaye pa yon pasaje adilt. Règleman pwopoze 220 CMR 274.10(3)

H. Konsèvasyon Dosye ak Rapò

Depatman an pwopoze chanje obligasyon pou kenbe dosye TNC yo pou asire ke enfòmasyon ki nesèsè pou aplikasyon, administrasyon, ak ranfòsman G.L. c. 159A½ disponib e aksesib pou Depatman an. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.11. An patikilye, Depatman an pwopoze yon peryòd retansyon minimòm twa ane pou dosye TNC yo, elaji kalite enfòmasyon ke yon TNC dwe kenbe, epi egzije retansyon san limit enfòmasyon materyèl ki gen rapò ak desizyon yon TNC pou dezaktive yon chofè. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.02 (definisyon "Deaktivasyon"); Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.11(2)–(4).

Depatman an pwopoze tou pou elaji enfòmasyon ke yon TNC dwe rapòte bay Depatman. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.12. [Yon Lwa Konsènan Massachusetts Resous Transpò ak Klima](#), St. 2022, c. 176, § 23 ("Act") egzijé TNC yo pou yo rapòte done detaye sou Vwayaj yo bay Depatman an chak mwa, ke Depatman an ka pataje an konfidansyalite ak sèten antite espesifik pou rezon jesyon konjesyon, planifikasyon transpò, ak swivi emisyon gaz GHG . Lwa 2022, chap. 176, § 23. Anplis de egzijans rapò sa yo, Depatman an pwopoze pou TNC yo rapòte sa ki annapre yo pou chak Vwayaj: (a) pou Pri k ap monte; (b) Peryòd Meliyaj 1; (c) kote aksidan veyikil yo te fèt; (d) vitès mwayèn; (e) kantite pasaje pou chak Vwayaj; (f) si Vwayaj la te fèt ak yon veyikil ki fè pati yon flit oswa yon veyikil lwe; epi (g) si vwayaj la te fèt oswa depoze nan yon zòn Otorite Transpò Massachusetts Bay oswa yon Otorite Transpò Rejyonal. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.02 (definisyon "Pri a pik/monte" ak " Mileyaj Peryòd 1"). Pwopoze Règleman 220 CMR 274.12(2)(b). Anplis, pou aplike dispozisyon Lwa a epi pran an kont diferan faz yon Vwayaj, Depatman an pwopoze nouvo

definisyon pou "Mileyaj Pèryòd 1," "Mileyaj Pèryòd 2," ak "Mileyaj Pèryòd 3," osi byen ke pou "Vwayaj Transpò ki Pataje." Règleman pwopoze 220 CMR 274.02.

Nan dat 19 Avril 2023, Depatman an te louvri yon ankèt sou pwosedi ranfò pou rapòtaj sou pote plent pou Chofè ak Pasaje dapre TNC yo.. Gade Nòt Demann pa Divizyon Konpayi Rezo Transpò sou pwòp demann li konsènan pwosedi amelyorasyon pou rapò pa Konpayi Rezo Transpò sou plent pou chofè ak pasaje dapre Lwa Jeneral Massachusetts c. 159A½, § 3 ak 220 CMR 274.12 (3), D.P.U. 23-33 (2023). Nan dat 1 Desanm 2025 la, Depatman an te pibliye lòd final li a ki etabli egzijans inifòm pou pote plent pou TNC yo.. Lòd ki Etabli Egzijans pou Plent ak Egzijans pou Rapò, D.P.U. 23-33-A (2025). Depatman an pwopoze pou kodifye otorite li pou etabli direktiv rapò plent ke li detèmine ki apwopriye. Règleman pwopoze 220 CMR 274.12(4).

Depatman an pwopoze kodifye otorite li pou egzije TNC yo pou yo rapòte Yo dezaktive chofè yo pou rezon sekirite piblik an akò avèk G.L. c. 159A½, §§ 2(l), (m). Règleman pwopoze 220 CMR 274.12(5). Depatman an pwopoze defini "Deaktivasyon" kòm anpeche yon chofè jwenn aksè nan yon Rezo Dijital pou plis pase senk jou kalandriye youn apre lòt. Règleman pwopoze 220 CMR 274.02 (definisyon de "Deaktivasyon").

I. Enspeksyon ak Odit

TNC yo natirèlman baze sou teknoloji epi anpil nan pwosesis konfòmite yo egziste nan aplikasyon lojisyèl ak pwogram. Li enperatif pou otorite odit Depatman an koresponn ak kapasite pwosesis biznis yon TNC pou asire konfòmite ak règ ak regilasyon Massachusetts yo. Kidonk, Depatman an pwopoze elaji kalite enfòmasyon li ka odite. Règleman pwopoze 220 CMR 274.13. Anplis, pou asire itilizasyon resous li yo byen, Depatman an pwopoze klarifikasyon sou kondisyon odit li yo anba G.L. c. 159A½, § 4(f) se pou odit omwen yon TNC

pa trimès (pito ke tout TNC yo pa trimès), ak tout TNC ki pèmèt yo odit omwen yon fwa pa ane.

Règleman yo Pwopoze a ki se 220 CMR 274.13(3).

J. Pri ak Tarif

Pou resevwa ak kenbe yon pèmi pou opere/travay, yon TNC dwe asire ke pasaje yo pa peye tarif debaz ki twò wo. G.L. c. 159A½, § 3(c)(iv). TNC yo dwe tou bay pasaje yo estimasyon pri ki klè epi ki fasil pou yo wè, sa ki enkli pou pri nan lè apik yo. G.L. c. 159A½, § 2(d), 3(c)(iii). Pri nan lè apik yo (sa vle di, ogmantasyon pri debaz pandan peryòd gen anpil lavant/demann) entèdi pandan eta ijans dapre G.L. c. 159A½, § 2(e).

Pou asire konfòmite ak estati sa yo, Depatman an pwopoze definisyon tèm yo "Tarif Debaz," "To Debaz," ak "Pri lè Apik/Lavant." Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 274.02. Anplis de sa, Depatman an pwopoze pou klarifye ke yon TNC dwe bay yon pasaje estimasyon pri yon vwayaj anvan li kòmanse, sa ki enkli pri Pri nan Lè Apik la, epi bay yon detay sou tout depans vwayaj la apre li fini. Règleman pwopoze 220 CMR 274.14(3), (4). Depatman an presize tou ke pa gen okenn chaj adisyonèl oswa ogmantasyon pri pou pasaje ki itilize chèz woulant, pasaje ki akonpaye pa bèt domestik ki sèvi kòm gid, oswa pasaje ki gen yon dezabilite/twoub. Règleman yo Pwopoze a ki se 220 CMR 274.14(4).

K. Avi ak Varyans

Depatman an pwopoze pou mete ajou dispozisyon avi a pou presize ke avi a ka ale pa lapòs ki sètifye. Règleman pwopoze 220 CMR 274.16. Anplis de sa, Depatman an pwopoze kritè pou evalye demann pou varyans nan dispozisyon 220 CMR 274.00, sa ki enkli konsiderasyon gwosè yon TNC ak si varyans pwopoze a ann akò ak enterè piblik la. Règleman pwopoze 220 CMR 274.19.

III. RÈGLEMEN PWOPOZE 220 CMR 275.00:
NÒM KALIFIKASYON POU CHOFÈ REZO TRANSPÒ YO

A. Entwodiksyon

Nan 2017, Depatman an te etabli yon Estanda sou Konfòmite Chofè Rezo Transpò ("Estanda Konfòmite"). 220 CMR 274.21. Estanda Konfòmite a enkli ladan diferan peryòd revizyon pou evènman ki ka diskalifye epi li klase diskalifikasyon yo kòm obligatwa (sa vle di Depatman an pa revize faktè endividyèl) ak prezomtif (sa vle di Depatman an ka fè yon evalyasyon endividyèl sou diskalifikasyon an). 220 CMR 274.21. Depi Depatman an te etabli Estanda Konfòmite a, Divizyon an te fè plis pase 800,000 verifikasyon sou dosye chofè yo epi li te trete plizyè milye apèl chofè, ki enkli revizyon yon kantite rapò lapolis, dosye kriminel ak dosye kondwi. Avèk benefis eksperyans konsiderab sa a, Depatman an pwopoze amande Estanda Konfòmite a pou ankouraje plis administrasyon ki an sekirite, ekitab ak efikas nan detèminasyon konfòmite chofè yo.

Nan kòmansman, Depatman an pwopoze pou retire Estanda Konfòmite a nan Règleman 220 CMR 274.00 ak kreyasyon yon règleman ki pwopoze apa, 220 CMR 275.00: Estanda Kalifikasyon pou Chofè Rezo Transpò. Sa ki annapre a se yon rezime chanjman regilasyon enpòtan yo pwopoze pou 220 CMR 274.21, jan yo rekodifye li nan 220 CMR 275.00. Chanjman sa yo pwopoze reflekte objektif Depatman an pou ankouraje sekirite pasaje yo epi asire ekite ak diyite nan pwosesis verifikasyon dosye yo.

B. Domèn, Konstriksyon, ak Aplikasyon

1. Dispozisyon pou Minè

Kounye Estanda sou Konfòmite a pa di anyen sou fason Depatman an trete dispozisyon pou jèn delenkvan yo. Depatman an pwopoze kodifye pratik li a pou pa konsidere yon dispozisyon delenkans jivenil kòm yon faktè nan detèmine konfòmite chofè yo.

Règleman yo Pwopoze a ki se 220 CMR 275.01(1)(d).

2. Dat Kòmansman Peryòd Revizyon Retwospektiv la

Kounye a, Estanda sou Konfòmite a pa di anyen sou tretman dispozisyon ki lakòz yon jijman inosan pou rezon enjerans oswa yon dosye kriminel ki rejte pou rezon enkonpetans. Depatman an pwopoze ke yon konklizyon inosan pou rezon pwoblèm enjerans oswa yon dosye kriminel ki rejte pou rezon enkonpetans dwe konsidere kòm yon refi obligatwa pandan chak peryòd revizyon ki aplikab. Règleman pwopoze 220 CMR 275.01(2)(a). Konsènan vyolasyon machin a motè, peryòd revizyon an kòmanse nan dat desizyon an (sètadi, responsab oswa pa responsab). 220 CMR 274.21. Depatman an pwopoze peryòd revizyon retwospektiv la dwe kòmanse nan dat vyolasyon ki anba a. Règleman pwopoze 220 CMR 275.02(b).

3. Sispansyon Lisans

Kounye a, tout sispansyon lisans ki pa gen rapò ak finans nan senk dènye ane yo lakòz yon diskalifikasyon obligatwa. 220 CMR 274.21 (Sispansyon Lisans). Jan sa detaye pi ba a, Depatman an pwopoze elimine peryòd revizyon dènye senk ane pou sispansyon lisans yo an favè sispansyon lisans yo swa nan peryòd dènye revizyon aktyèl la, peryòd revizyon ane pase yo, oswa peryòd revizyon dènye twa ane yo. Règleman pwopoze 220 CMR 275.04(b), 275.05(a)-(b), ak 275.06(a).

An patikilye, yon sispansyon lisans akòz ensidan ki sijè a frè siplemantè, jan sa defini pa 211 CMR 134.02 ta deplase soti nan yon peryòd revizyon dènye senk ane (gade 220 CMR 274.21) ki pale sou (Sispansyon Lisans) pou yon peryòd revizyon twa ane. Règleman pwopoze 220 CMR 275.06(a). Depatman an pwopoze elimine peryòd revizyon senk ane pou sispansyon lisans pou refi pran tès chimik, menas imedyat, plent pou fwod ak kondi a twòp vitès (gade 220 CMR 274.21 (Sispansyon Lisans)) an favè bay Depatman an diskresyon pou sispann yon chofè

pou yon ane pou sispansyon lisans sa yo, depi yon ka kriminel ki gen rapò pa otreman diskalifye chofè a. Règleman yo Pwopozo a ki se 220 CMR 275.05(b).

4. Jijman Altènatif oswa Jijman Retni

Kounye a, yon jijman altènatif oswa yon jijman ki an retansyon, sa ki enkli yon kontinyasyon san konklizyon ("CWOFF"), aji kòm yon diskalifikasyon obligatwa pandan peryòd revizyon an pou jiska sèt ane. 220 CMR 274.21. Jan sa detaye pi ba a, Depatman an pwopoze plizyè chanjman nan fason Depatman an konsidere jijman sa yo. Depatman an pwopoze pou jijman altènatif oswa jijman retni yon diskalifikasyon obligatwa nan chak peryòd revizyon ki aplikab. Sepandan, Depatman an pwopoze pou jijman sa yo aji kòm yon diskalifikasyon obligatwa pou jiska 10 ane nan peryòd revizyon ki konsène a, apre sa diskalifikasyon obligatwa a ap retounen yon diskalifikasyon prezomptif si peryòd revizyon an pwolonje pi lwen pase peryòd sa a, tankou nan ka yon ofans ki sijè a yon peryòd revizyon endetermine. Gade Règleman yo Pwopoze a ki se 220 CMR 275.08(e), 275.09(f).

Depatman an pwopoze yon eksepsyon pou règ sa a, kote yo trete jijman altènatif oswa yon jijman ji an retansyon pou tout ofans kriminel grav, sòf si estanda sou konfòmite yo prevwa otreman, kòm yon diskalifikasyon prezomptif pandan sèt premye ane yo. Règleman pwopoze 220 CMR 275.07(e). Kounye a, tout ofans kriminel grav ki pa adrese nan lòt seksyon Estanda Konfòmite yo sijè a yon peryòd revizyon sèt ane, men sèlman si yo te anrejistre yon kondanasyon pou ofans/zak lan. 220 CMR 274.21 (Konviksyon pou krim grav). Tretman aktyèl sa a pèmèt moun ki aksepte yon CWOFF pou krim grav, tankou trafik oswa distribisyon dwòg, rete kalifye pou bay Sèvis. Lè yo fèmen espas sa a epi trete jijman altènatif oswa jijman ki an retansyon an kòm yon diskalifikasyon prezomptif pou tout lòt ofans kriminel grav yo, Depatman an ap gen opòtinite pou detèmine si bay yon Sètifika Apwobasyon Verifikasyon Anntesedan konpatibilite moun nan ak enterè piblik la. Gade Règleman Pwopoze 220 CMR 275.03(3).

C. Peryòd Revizyon Retrospektiv Aktyèl

The Department proposes adding the following mandatory disqualifications under the Peryòd Revizyon Retrospektiv Aktyèl:

- Bay sispansyon oswa revoke privilèj pou kondwi nenpòt jiridiksyon Ozetazini. Règleman pwopoze 220 CMR 275.04(b); epi
- Pèmi kondwi tanporè pou jèn chofè yo, ki sijè a sistèm entèblokaj demaraj, ki sijè a restriksyon sou lè kondwi, oswa lòt restriksyon ki sanble. Règleman pwopoze 220 CMR 275.04(c).

Si yon chofè ki se aplikan an genyen youn nan kondisyon ki mansyone pi wo a lè yon TNC oswa Depatman ap fè verifikasyon antesedan li a, kondisyon sa a ap fè aplikan an diskalifye otomatikman.

D. Peryòd Revizyon Retrospektiv Yon (1) Ane

Depatman an pwopoze kreye yon peryòd revizyon retrospektiv yon ane pou sèten kalite sispansyon lisans ak fwod sou kont chofè. Depatman an pwopoze diskalifikasyon obligatwa sa yo anba peryòd revizyon retrospektiv yon ane a:

- Sispansyon lisans chofè a akòz yo jwenn ke chofè a te "Responsab" pou twa tikè pou twòp vitès nan yon ane ki sot pase a. Règleman pwopoze 220 CMR 275.05(a);
- Sispansyon lisans chofè ki pote pasaje pou nenpòt rezon ki gen rapò ak operasyon yon veyikil a motè, sòf si gen lòt dispozisyon. Règleman pwopoze 220 CMR 275.05(b); epi
- Pèmèt oswa eseye pèmèt yon lòt moun bay Sèvis Rezo Transpò nan non Chofè a dapre M.G.L. c. 159A½, § 7(b). Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 275.05(c).

E. Peryòd Revizyon Retrospektiv Twa Ane

Depatman an pwopoze revize sispansyon lisans pou Ensidan Surchajab, jan sa defini nan 211 CMR 134.02, soti nan yon peryòd revizyon retrospektiv senk ane (gade 220 CMR 274.21 (Sispansyon Lisans) pou yon peryòd revizyon twa ane. Règleman pwopoze 220 CMR 275.06(a).

F. Peryòd Revizyon Retwospektiv Sèt Ane

Depatman an pwopoze pou kodifye règleman diskalifikasyon sèt ane ki prevwa pa lwa a dapre G.L. c. 159A½, § 4(a)(vii)(2) pou yon chofè ki asiye nan yon pwogram edikasyon, tretman, oswa reyabilitasyon sou alkòl oswa sibstans kontwole ki òdone pa tribinal. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 275.07(a). Anplis de sa, Depatman an pwopoze ke jijman altènatif oswa sispansyon pou nenpòt ofans kriminel grav ki pa adrese otreman pa yon lòt seksyon nan Estanda Konfòmite a ap sèvi kòm yon diskalifikasyon prezomptif. Règleman pwopoze 220 CMR 275.07(e).

G. Peryòd Revizyon Retrospektiv Dis Ane

Depatman an pwopoze revize ofans sa yo ki soti nan yon peryòd revizyon retwospektiv sèt ane dapre 220 CMR 274.21 (Krim vyolan ak ofans ki gen rapò ak abi) pou vin yon peryòd revizyon retwospektiv dis ane:

- Yon krim ki gen rapò ak itilizasyon oswa posesyon yon zam ilegal;
- G.L. c. 266, § 16 (kase kay ak antre kay moun lanwit –krim);
- G.L. c. 266, § 18 (kase kay ak antre kay moun lajounen –krim); epi
- G.L. c. 272, § 53 (Ekspozisyon endesan ak anyen oswa deranje yon lòt moun).

Règleman yo Pwopoze a ki se 220 CMR 275.08(c).

Anplis de sa, Depatman an pwopoze revize ofans/zak sa yo ki nan

Peryòd revizyon retwospektiv san limit la dapre 220 CMR 274.21 vin tounen yon peryòd revizyon retwospektiv dis ane:

- G.L. c. 265, § 19 (Vòl san zam);
- G.L. c. 272, § 53A(b) (Konpòtman seksyèl an echanj lajan);⁴

⁴ Lwa Jeneral c. 272, § 53A(b) aplike pou moun ki peye yon lòt moun pou l angaje nan yon konpòtman/aksyon seksyèl pou yon lajan.

- G.L. c. 272, § 8 (ap chèche pwostitiye);
- G.L. c. 265, § 13L (mete lavi yon timoun an danje);
- G.L. c. 265, § 43 (siveye yon moun san souf); epi
- 220 CMR 274.21 (Plizyè Ofans/Zak nan Kondi).
Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 275.08(c).

Depatman an pwopoze tou pou ajoute ofans/zak sa yo nan yon peryòd dis ane.

Peryòd revizyon retrospektiv:

- G.L. c. 265, § 15D(b) (Trangle oswa toufe yon moun);ak
G.L. c. 265, § 15A(b) (atake ak bat yon moun ak yon zam ki danjere).
Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 275.08(c).

Anplis de sa, Depatman an pwopoze ke yon dispozisyon ki deklare moun pa koupab pou rezon enjerans oswa yon anilasyon pou enkonpetans pou nenpòt nan ofans/zak ki mansyone anlè a ap sèvi kòm yon diskalifikasyon obligatwa pandan peryòd revizyon ki konsène a. Règleman pwopoze a ki se 220 CMR 275.08(d).

Finalman, Depatman an pwopoze pou trete jijman altènatif oswa jijman an retansyon pou yon ofans/zak ki sijè a yon peryòd revizyon endefinitif kòm yon kondisyon obligatwa ki diskalifye pandan dis premye ane ki swiv antre jijman altènatif oswa jijman an retansyon. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 275.08(e).

H. Peryòd Revizyon Retwospektiv San Limit

Depatman an pwopoze ke yon dispozisyon non-koupab pou rezon enjerans mantal oswa yon anilasyon pou enkonpetans pou nenpòt ofans/zak ki sijè a Peryòd Revizyon Endefini

konsidere kòm yon diskalifikasyon obligatwa. Règleman pwopoze 220 CMR 275.09(e).

Finalman, Depatman an pwopoze ke yon jijman altènatif oswa yon jijman ki an retansyon pou yon ofans pandan peryòd revizyon endefini an a konsidere kòm yon diskalifikasyon prezomptif si dis ane oswa plis pase depi jijman altènatif la oswa jijman ki an retansyon te kòmanse.

Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 275.09(f).

IV. REGLEMAN PWOPOZE 220 CMR 276.00: PRATIK DIVIZYON KONPAYI REZO TRANSPÒT AK PWOSEDI YO

A. Entwodiksyon

Depatman an pwopoze pou deplase dispozisyon sou aplikasyon ak apèl yo nan 220 CMR 274.14 ak 274.15 pou yon règleman nouvo yo pwopoze, 220 CMR 276.00: Divizyon Pratik ak Pwosedri Konpayi Rezo Transpò. Tout dispozisyon regilasyon ki aktyèlman an vigè selon 220 CMR 274.14 la, sa ki enkli nan regilasyon yo pwopoze a. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 276.06 la. Anplis de sa, Depatman an pwopoze pou fè yon amandman sou 220 CMR 274.14(1) pa kodifye nan règleman pwopoze yo otorite li pou soumèt yon TNC a yon penalite monetè \$500 pou sèten vyolasyon ki gen rapò ak chofè yo nan G.L. c. 159A½, § 7(a), kèlkeswa dispozisyon final kontravansyon an. Règleman pwopoze 220 CMR 276.08(4).

Anplis de sa, règleman pwopoze yo modifiye dispozisyon regilasyon aktyèl yo nan 220 CMR 274.15 jan sa a:

- Odyans pou apèl kont diskalifikasyon prezipsyonèl ak diskresyonè pou premye aplikan yo ka fèt selon diskresyon Divizyon an, olye pou yo obligatwa pou tout premye aplikan yo. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 276.04(3); ak
- Apèl/kontestasyon pa TNC kont yon lòd final Divizyon an ka pote devan Tribinal Siperyè, olye de Depatman an pou yon lòd ki siyen pa Komisyon an. Règleman pwopoze 220 CMR 276.03(1)(a).

Lwa Jeneral c. 159A½, § 2(m) egzije Depatman an etabli pwosedri kontestasyon pou yon chofè ki gen Apwobasyon Sètifika Verifikasyon Antesedan li sispann oswa revoke epi li pa

presize ke Depatman an dwe etabli pwosedi sa yo pou yon moun ki te refize yon Apwobasyon Sètifika Verifikasyon Antesedan epi ki pa t janm gen youn. Sepandan, ni règleman aktyèl la ni pwopozisyon an enkli ladan pwosedi apèl/kontestasyon pou aplikan ki te refize okòmansman. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 276.04.

Depatman an pwopoze tou pou retire obligasyon pou premye aplikan chofè ki refize pou yon diskalifikasyon prezomptif oswa diskresyonè gen dwa otomatikman a yon odyans apèl. Olye de sa, Depatman an ap chèche klarifye otorite li pou rezoud yon apèl konsa sou papye (sa vle di dokiman aplikan chofè ki refize a soumèt pou sipòte apèl li) epi pou itilize diskresyon li pou detèmine ki apèl premye aplikan chofè ki merite yon odyans. Règleman pwopoze 220 CMR 276.04(3).

Anplis modifikasyon sa yo, sa ki annapre a se yon rezime majorite, men se pa tout, nan règleman yo pwopoze pou 220 CMR 276.00.

B. Règleman Jeneral

Depatman an pwopoze pou tout apèl chofè ak TNC devan Divizyon an fèt dapre 801 CMR 1.02: Règ pou Odyans Enfòmèl/Jis. Règleman pwopoze 220 CMR 276.03(1)(b)-(d). Anplis de sa, Depatman an pwopoze ke yon pati dwe bay Divizyon an opòtinite pou revize yon manda konparisyon ki te fèt an rapò ak yon apèl devan Divizyon an, epi ke Divizyon an ka anile, modifye, oswa sispann manda konparisyon an si sa apwopriye. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 276.03(2).

C. Kontestasyon Chofè a Devan Divizyon an

Depatman an pwopoze elaji faktè li pral konsidere lè li ap revize yon apèl yon chofè ki soti nan yon diskalifikasyon prezomptif oswa diskresyonè epi asire ke chofè a ak TNC a bay tout enfòmasyon ki nesèsè pou Depatman an fè yon detèminasyon sou konfòmite yo. Gade Règleman yo Pwopoze a ki se 220 CMR 276.04(3)(a)-d, 276.04(4), 276.04(5). Faktè Depatman an ap

chèche konsidere nan apèl la enkli dosye chofè a genyen sou fason li bay sèvis pou yon TNC, reyalite ak dispozisyon ki antoure dosye kriminel ak dosye machin chofè a, ak lyen ki genyen ant konpòtman chofè a jan dosye a demontre li, ak kapasite li pou bay sèvis yo an sekirite ak avèk respè. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 276.04(3)(a).

Depatman an pwopoze tou pou estandadize revizyon faktè ki ka diminye gravite a, tankou si ofans/zak ki lakòz diskalifikasyon an oswa aksyon sa yo te asosye ak depandans sou dwòg oswa alkòl, kote chofè a te demontre li refè. Regilasyon pwopoze 220 CMR 276.04(3)(b). Règleman pwopoze yo bay tou estanda kote Depatman an pral revize rapò ensidan ke fòs lòd (lapolis) yo kreye epi ki aplikab nan kontestasyon yon chofè, epi yo detaye kalite dokiman adisyonèl Depatman an ka mande chofè a oswa TNC ki konsène a pou founi an rapò ak yon chofè k ap fè apèl kont yon desizyon negatif sou konfòmite li, yo note si w pa bay enfòmasyon sa yo mande a, sa ka lakòz yo rejte oswa refize apèl/kontestasyon chofè a fè a. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 276.04(4), 276.04(5). Finalman, Depatman an klarifye ke se Chofè a ki gen responsabilite pou l demanti yon prezompsyon inapwopriete ki soti nan yon diskalifikasyon obligatwa oswa prezomptif avèk prèv klè e konvenkan, epi, an jeneral, se Divizyon an ki gen responsabilite pou demontre inapwopriete a avèk yon majorite prèv. Règleman Pwopoze 220 CMR 276.04(6).

D. Apèl Chofè a Fè Paske TNC Dezaktive Kont li

Depatman an rekonèt ke pou anpil chofè, bay Sèvis Rezo Transpò se mwayen pou yo viv ak sous revni prensipal yo. Depatman an pa gen otorite pou fòse TNC yo pèmèt yon chofè ki satisfè Estanda Konfòmite Depatman an bay vwayaj sou rezo dijital yo. Sepandan, menm si Depatman an pa gen otorite pou fòse TNC yo pèmèt yon Chofè ki satisfè Estanda Konfòmite Depatman an bay Vwayaj sou Rezo Dijital yo, li ka revize pwosedi yo ke TNC itilize pou asire aplikasyon ekitab estanda konfòmite entèn yo. Kidonk, Depatman an pwopoze pou egzije TNC etabli yon pwosesis apèl/kontestasyon pou dezaktive Chofè a ak estanda entèn ki enkli, omwen, yon notifikasyon adekwa bay Chofè a sou rezon dezaktivasyon an ak yon opòtinite ki fè sans pou Chofè a konteste dezaktivasyon an. Règleman yo Pwopoze a ki se 220 CMR 276.05.

E. Pwosedì pou fè respekte règleman pou TNC yo

Règleman pwopoze yo etabli pwosesis kote Divizyon an ka fè TNC yo konfòme yo ak règ ak regilasyon ki an vigè. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 276.06, 276.07. Anvan yon pwosedì fòmèl pou fè respekte règ yo, Divizyon an ka bay direktiv pou ankouraje konfòmite ak règ ak regilasyon li yo bay TNC yo, ke yon TNC ka konteste. Règleman pwopoze 220 CMR 276.06(1). Si Divizyon an gen rezon pou kwè ke yon TNC vyole yon lwa, règleman, oswa direktiv, Divizyon an ka voye yon lèt avètisman bay TNC a ki idantifye posibilite vyolasyon yo epi bay TNC a opòtinite pou reponn oswa, si sa nesèsè, kòmanse yon ankèt preliminè. Règleman yo pwopoze a ki se 220 CMR 276.06(2)-(3). An akò ak pratik Depatman an, règleman pwopoze yo prevwa ke yon aksyon fòmèl pou fè respekte pa Divizyon an dwe fèt atravè yon avi sou vyolasyon pwobab. Règleman pwopoze 220 CMR 276.07(1)-(2), (6). Depatman an pwopoze plizyè faktè ke Divizyon an dwe konsidere pou detèmine aksyon fòmèl ki apwopriye. Règleman pwopoze a 220 CMR 276.08(1)-(3).

V. RÈGLEMAN YO PWOPOZE A 220 CMR 277.00: ELEKTRIFIKASYON VEYIKIL KI NAN REZO TRANSPÒTASYON AN

A. Entwodiksyon

Nan dat 11 Out 2022, Lwa sou Enèji Pwòp 2022 te siyen an kòm yon lwa. Pami lòt priyorite, Lwa sou Enèji Pwòp 2022 egzije Depatman an pou etabli yon pwogram pou diminye Emisyon gaz ki soti nan TNV yo. Lwa 2022, chap. 179, atik 47. Dapre Lwa sou Enèji Pwòp 2022 a, Depatman an ka etabli egzijans pou elektrifikasyon veyikil san li pa etabli egzijans separe pou rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik si "Divizyon an detèmine ke egzijans pou elektrifikasyon veyikil yo sèlman t ap sifi pou atenn objektif emisyon [gaz ki lakòz efè tèmik] Biwo Egzekitif Enèji a ak [A] Zafè [E] Anviwònmanal . . ." Lwa 2022, chap. 179, § 47.⁵

⁵ The Department has determined that vehicle electrification requirements alone are sufficient to achieve the GHG emissions limits set by the Executive Office of Energy and Afè

Anplis, Depatman an dwe "nan mezi ki pratik... minimize nenpòt enpak negatif pwogram nan sou chofè ki soti nan katye ak minisipalite ki gen yon revni medyàn anyèl pou kay ki pa plis pase 65 pousan nan revni medyàn anyèl pou kay nan tout eta a." St. 2022, c. 179, § 47.

Dispozisyon seksyon 47 yo te kode nan G.L. c.

159A½, § 13.

B. Politik Klima Commonwealth la

Nan dat 30 jen 2022, EEA te pibliye [Plan Enèji Pwòp ak Klima pou 2025 ak 2030](#) ("2025/2030 CECP"), ki te idantifye sektè transpò a kòm pi gwo sous gaz a efè tèmik (GHG)

emisyon nan Massachusetts ([2025/2030 CECP](#) nan xii).⁶ EEA te idantifye plizyè estrateji kle pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik nan sektè transpò a, sa ki enkli ladan men ki pa limite a sa sèlman: (1) ankouraje transpò piblik; (2) diminye vwayaj kote yon sèl moun okipe machin nan; (3) ogmante kantite veyikil ki pa emèt okenn emisyon ("ZEVs"); ak (4) retire piti piti veyikil ki pa efikas nan konsomasyon gaz ([2025/2030 CECP](#) paj 34-41). Ki gen rapò ak TNC yo, EEA detèmine:

Veyikil pou lwe reprezante yon opòtinite inik pou akselere adopsyon [veyikil elektrik]. Machin yo itilize nan Sèvis woulib, Pataj machin, ak flòt taksi yo gen anpil kilomèt, yo ekspoze piblikman, epi se sitou rezidan ki gen revni ki ba ki kondwi yo. Elektrifikasyon machin pou lwe yo ka yon opòtinite pou ogmante itilizasyon enfrastrikti chajman nan kominote ki gen rezidan ki gen revni ki ba ak popilasyon [Jistis Anviwònman], sa ki prepare chemen pou yon adopsyon pi laj.

Anviwònman ("EEA") epi, kidonk, li pa etabli egzijans separe pou rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik.

⁶ Nan dat 21 Desanm 2022, EEA te pibliye [Plan Enèji Pwòp ak Klima pou 2050](#) ("2050 CECP"). Estrateji kle EEA idantifye nan CECP 2025/2030 kòm nesès pou diminye emisyon gaz lakòz efè tèmik pa TNV yo, e ki idantifye nan Lòd sa a, yo an akò ak politik ak pwogram ki espesifye nan CECP 2050.

Commonwealth la pral aplike yon pwogram pou elektrifye sou-sektè sa a, ki gen ladan ankourajman elaji, sipò pou enfrastrikti, ak sansibilizasyon ak edikasyon. 2025/2030 CECP nan 41.

Epitou, nan dat 30 jen 2022, dapre G.L. c. 21N, Sekretè EEA a te pibliye yon [Detèminasyon](#) de

Limit emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak yon limit gaz ki lakòz efè tèmik espesifik pou chak sektè pou 2025 ak 2030. Yo

Konsèy Kowòdinasyon Enfrastrikti Veyikil Elektrik Commonwealth la ("EVICC") te pibliye li

Li nan Premye Evalyasyon nan mwa Out 2023 pou bay enfòmasyon sou eta chajman machin

elektrik ("EV") nan Massachusetts ak aksyon rekòmande pou delivre yon rezo chajman EV (←

Veyikil Elektrik) ki ekitab, entèkonekte, aksesib, ak fyab nan Massachusetts.⁷ Evalyasyon

Inisyal EVICC (Out 2025). EVICC te pibliye Dezyèm Evalyasyon li an nan mwa Out 2025 pou

bay

enfòmasyon ki an mizajou sou eta chajman EV (←Veyikil Elektrik) yo epi li rekonèt ke "Chofè

TNC yo jwe yon wòl kle nan akselere adopsyon EV ki ekitab. Jan sa te mete an valè nan Premye

Evalyasyon an, chofè sa yo souvan reprezante popilasyon ki gen revni ki ba ak ki pa byen sèvi

epi yo opere machin ki fè anpil kilomèt ki byen adapte pou elektrifikasyon." Dezyèm

Evalyasyon EVICC la, paj 65

(Out 2025).⁸

⁷ Konsèy Kowòdinasyon Veyikil Elektrik Commonwealth Massachusetts, Premye Evalyasyon devan Kou Jeneral la (Out 2023), disponib nan <https://www.mass.gov/doc/evicc-final-Evalyasyon/Telechaje>.

⁸ Konsèy Kowòdinasyon Veyikil Elektrik Commonwealth Massachusetts, Dezyèm Evalyasyon pou Kou Jeneral la (Out 2025), disponib nan <https://www.mass.gov/doc/evicc-complete-second-assessment/download>.

C. Règleman sou Elektrifikasyon Veyikil nan Rezo Transpò an

Nan pwopoze Règleman Elektrifikasyon TNV yo, Depatman an ap chèche reyalize plizyè objektif: ankouraje tranzisyon soti nan machin a motè konbisyon entèn pou rive nan ZEV, espesyalman pou machin ki fè anpil kilomèt k ap bay sèvis; kenbe opòtinite ekonomik pou chofè yo; epi kontribye nan politik klima Commonwealth la. Depatman an te revize limit ak politik Commonwealth la sou rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik epi li detèmine ke Règleman Elektrifikasyon TNV yo, ki pral etabli estanda pou ankouraje itilizasyon ZEV yo, ta dwe ase pou kontribye nan sib-limit rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik nan sektè transpò a ke Sekretè EEA a fikse.⁹ Lwa 2022, chapit 179, § 47. Règleman TNV sou Elektrifikasyon yo pibliye pou avanse CECP 2025/2030 la epi yo vize etabli objektif pou TNC yo pou yo fè tranzisyon

pou bay sèvis transpò ki pwograme¹⁰ ak machin elektrik, sa ki enkli ZEV yo. Règleman Elektrifikasyon TNV yo tou (1) egzije TNC yo devlope pwogram ankourajman finansye pou chofè ki, dapre lisans chofè yo, rete nan yon gwoup blòk resansman kote revni medyàn anyèl kay la pa plis pase 65 pousan nan revni medyàn anyèl kay nan tout eta a. Pou yo ka bay sèvis transpò

⁹ G.L. c. 21N, § 3A; Detèminasyon Sekretè Enèji ak Zafè Anviwònman an Limit Emisyon Gaz a Efè de Ser pou tout Eta a ak Sou-limit pa Sektè pou 2025 ak 2030, (30 Jen 2022), disponib nan <https://www.mass.gov/doc/2025-and-2030-ghgemissions-limit-letter-of-determination/download>.

¹⁰ "'Vwayaj Pwograme" defini kòm yon peryòd tan ki kòmanse lè yon Chofè aksepte yon demann vwayaj atravè yon rezo dijital, ki kontinye pandan Chofè a ap transpòte Pasaje TNC la, epi ki fini lè Pasaje a kite veyikil la an sekirite. G.L. c. 159A½, § 1.

ki pwogram davantaj ak ZEV yo; (2) kolekte done atravè Rezo Dijital yo epi potansyèlman ankouraje woulib/kous ki soti oswa ki fini nan yon enstalasyon transpò an Mass;¹¹ epi (3) bay pasaje ak chofè rezo transpò enfòmasyon edikatif sou ankourajman, benefis ak pwogram pou lwe, lize ak achte yon ZEV nan Massachusetts, anba sipèvizyon Depatman an. Règleman pwopoze 220 CMR 277.04, 277.06, 277.07.

Règleman Elektrifikasyon TNV yo pwopoze ke yon ane apre piblikasyon final Règleman Elektrifikasyon TNV yo, 220 CMR 277.00 nan Rejis Massachusetts la, tout TNV ki posede oswa lwe pa yon TNC oswa otreman mete disponib pou Chofè pa yon TNC atravè yon pwogram lokasyon oswa lwaye ("Veyikil Flòt") dwe ZEV. Règleman pwopoze 220 CMR 277.03(1). Dispozisyon elektrifikasyon flòt TNC a pa aplike pou paratransit oswa machin aksesib pou chèz woulant. Règleman pwopoze 220 CMR 277.03(2).

Anplis de sa, Règleman Elektrifikasyon TNV yo egzije chak TNC soumèt plan chak dezan bay Depatman an ki detaye efò li pou ogmante elektrifikasyon TNV ak diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik.

nan yon fason ki minimize enpak negatif sou sèten chofè. Règleman pwopoze 220 CMR 277.07. Espesyalman, li vize minimize enpak negatif sou chofè ki rete nan yon gwoup blòk resansman kote revni medyàn anyèl kay la pa plis pase 65 pousan nan revni medyàn anyèl kay nan tout eta a. Règleman pwopoze 220 CMR 277.07(3). Plan chak dezan yo ta dwe esplike kijan chak TNC pral: (a) ogmante itilizasyon ZEV pou bay Vwayaj; (b) ogmante Vwayaj Pataje; (c) diminye VMT P1 ak P2 konpare ak VMT P3; (d) ogmante kantite Vwayaj ki soti oswa ki fini nan yon

¹¹ "'Rezo Dijital" defini kòm nenpòt aplikasyon, lojisyèl, sit entènèt oswa sistèm ki pèmèt itilizasyon sou entènèt, ofri oswa itilize pa yon TNC, ki pèmèt vwayaj ki deja planifye ak chofè yo. G.L. c. 159A½, § 1.

Enstalasyon Transpò an mas; epi (e) ogmante edikasyon pou Chofè ak Pasaje sou fason pou achte Veyikil Zewo Emisyon (ZEV) pou itilizasyon pèsònèl epi chwazi ZEV pou bay Vwayaj. Règleman Pwopoze 220 CMR 277.07(4). Finalman, Règleman Elektrifikasyon TNV yo egzije chak TNC soumèt yon rapò anyèl bay Depatman an ki bay detay sou pwogrè k ap fèt pou atenn objektif ak bi ki dekri nan plan biennal TNC yo. Règleman Pwopoze 220 CMR 277.08.

Anba a, Depatman an mande kòmantè sou detay pwopozisyon elektrifikasyon TNC li yo, pami lòt sijè.

VI. CHÈCHE FÈ KÒMANTÈ

Pou bay opòtinite pou fè kòmantè sou Règleman yo pwopoze pou Konpayi ki nan Rezo Transpò yo, Depatman an pral fè de odyans/reyinyon piblik dapre G.L. c. 30A, § 2. Tou de odyans piblik yo pral fèt ibrid, an pèsòn ak vityèl. Odyans an pèsòn yo ap fèt **Lendi 8 Jwen 2026, a 10:00 a.m. nan One South Station, Twazyèm etaj (3rd Floor), Gwo Sal Odyans, Boston, MA 02110** epi nan **Jedi 11 Jwen 2026, a 2:00 p.m. nan Bibliyotèk Piblik Lawrence, Sargent Auditorium, 51 Lawrence Street, Lawrence, MA 01841**, avèk patisipasyon vityèl pou toude odyans yo atravè platfòm Zoom nan. Depatman an ap bay sèvis entèpretasyon nan odyans piblik yo an Espanyòl, Pòtigè, Chinwa (Mandaren + Kantone), Kreyòl Ayisyen, ak Vyetnamyen. Depatman an planifye tou pou òganize yon konferans teknik ibrid **Lendi 22 Jwen 2026 a 10:00 nan maten nan One South Station, Twazyèm Etaj (3rd Floor), Large Hearing Room, Boston, MA 02110** kote anplwaye yo pral fasilite yon konvèsasyon sou Règleman Elektrifikasyon TNC yo epi asire ke divès pati prenan patisipe nan yon dyalòg sou pi bon fason pou pouswiv objektif lalwa yo. Depatman an ap bezwen nou fè kòmantè alekri pa pita pase 5:00 p.m., **1ye Jwen 2026**. Apre odyans piblik yo, kòmantè repons alekri yo dwe depoze pa pita pase 5:00 p.m. nan dat **2 Jiyè 2026**. Depatman an akeyi chanjman langaj espesifik yo rekòmande nan

Règleman Pwopoze sou Konpayi Rezo Transpò a. Depatman an ankouraje tout moun ki konsène yo pou kolabore sou kòmantè ak rekòmandasyon konsansis, si sa posib.

Anplis de sa, Depatman an ap chèche kòmantè sou sijè espesifik sa yo:

Konfòmite Chofè ak Veyikil

1. Kijan TNC yo ka plis anpeche sitiyaasyon kote yon chofè refize yon bèt ki ap bay sèvis gid a yon pasaje?
2. How Kijan Depatman an ka ogmante disponiblite machin aksesib pou chèz woulant ("WAVs") ki ofri atravè TNC yo, espesyalman nan zòn riral oswa zòn ki defavorize nan Massachusetts?
3. Èske Depatman an ta dwe enpoze nenpòt lòt kondisyon enfòmasyon sou chofè ki soti nan lòt eta ki gen rapò ak verifikasyon antesedan yo?
4. Kisa Depatman an ta dwe egzije nan men TNC k ap chèche bay sèvis ak machin otònòm?
5. Ki lòt mezi sekirite ou rekòmande pou TNC mete an plas pou asire ke pasaje yo monte nan machin chofè yo te seleksyone pou yo pou vwayaj la?
6. Kijan TNC ka plis anpeche sitiyaasyon kote plizyè chofè ap pataje yon sèl kont?
7. Kijan TNC ka plis anpeche sitiyaasyon fwod nan kreyasyon fo kont chofè?

Elektrifikasyon Veyikil Vwayaj ki Pataje

8. Ki baryè ki anpeche chofè TNC yo jwenn yon ZEV pou bay sèvis, e ki fason posib pou adrese baryè sa yo?
9. Dapre Seksyon 13 nan Chapit 159A½ nan Lwa Jeneral yo, Depatman an ap konsidere etabli objektif elektrifikasyon pou endistri TNC a. Selon enfòmasyon ki disponib, sou eta mache machin elektrik yo, ak sou adopsyon machin elektrik yo yo prevwa nan Commonwealth Massachusetts, ki objektif elektrifikasyon – pou ane 2030, 2035, ak 2040 – ki ka reyalize epi ki ta minimize enpak sou chofè yo, pandan y ap redui polisyon lè a efektivman, amelyore sante piblik, epi reyalize objektif rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik yo ke Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman an fikse?

i. Kòm yon altènativ pou tabli objektif elektrifikasyon, èske gen lòt estrateji regilasyon ki pi preferab pou elektrifye endistri TNC a epi reyalize objektif ki mansyone anlè a?


10. Règleman Elektrifikasyon TNV yo egzije chak TNC soumèt plan chak dezan bay Depatman an ki detaye efò li pou ogmante elektrifikasyon TNV ak diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik nan yon fason ki minimize enpak negatif pwogram nan sou Chofè ki soti nan katye ak minisipalite ki gen yon revni medyàn anyèl pa fwaye ki pa depase 65 pousan nan revni medyàn anyèl pa fwaye nan tout eta a. Ki kritè revizyon Depatman an ta dwe adopte pou evalye si efò yo pwopoze yo rezonab, reyalizab, ak fyab?
 11. Ki benefis ak defi ki asosye ak ofri yon opsyon vwayaj/kous ki pataje? Pa egzanzp, èske gen enkyetid sou sekirite piblik ki lye ak obligasyon pou ofri yon opsyon vwayaj pataje?
 12. Èske yo ta dwe aplike Règleman final TNV sou Elektrifikasyon yo pou tout TNC yo, kèlkeswa gwosè TNC a ak kantite milyaj machin yo vwayaje ke TNC a bay nan yon ane kalandriye?
 13. Kijan Depatman an ta dwe defini yon chofè ki fè anpil kilomèt/milyaj k ap bay Sèvis Rezo Transpò, e èske Depatman an ta dwe egzije chofè ki fè anpil kilomèt/milyaj k ap opere machin ak motè konbisyon entèn pou yo pase nan yon ZEV?
 14. Ki kritè elijibilite Depatman an ta dwe konsidere pou pwogram ankourajman finansye TNC yo ki ede chofè ki fè anpil milyaj/kilomèt yo bay vwayaj ki deja planifye ak ZEV yo?
 15. Ki kritè elijibilite Depatman an ta dwe konsidere pou pwogram ankourajman finansye TNC yo ki diminye depans chofè yo pou lwe yon ZEV pou fè taksi/vwayaj?
 16. Kijan yon TNC ka diminye tan ak VMT pou Peryòd 1 ak Peryòd 2?
1. Depatman an vize ankouraje vwayaj ki konekte pasajè yo ak enstalasyon transpò an mas tankou arè otobis, tren, feri ak tram, estasyon ak tèminal. Kijan yon TNC ka ankouraje pasajè yo konekte ak mwayen transpò sa yo? Tout dokiman yo dwe soumèt bay Depatman an an fòm elektwonik kòm atachman imèl bay dpu.efiling@mass.gov ak Ofisye Odyans lan, Zachary Caunter, nan Zachary.Caunter@mass.gov. Tèks imèl la dwe prezize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 26-90); (2) non moun oswa konpayi k ap soumèt dokiman an; ak (3) yon tit deskriptif kout pou dokiman an. Mesaj/Atachman elektwonik la ta dwe enkli tou non, tit, ak adrès imèl yon moun pou kontakte si gen

kesyon sou sa w voye a. Non fichye elektwonik la dwe idantifye dokiman an men li pa dwe depase 50 karaktè. Tout dokiman soumèt nan fòm elektwonik ap afiche sou sit entènèt Depatman an:


<https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom> (antre "26-90").

Voye dosye yo ale ak tout dokiman ki vin apre ki gen rapò avè l, ki soumèt bay Depatman an oswa ki pibliye pa Depatman an, ap disponib sou sit entènèt Depatman an jan sa endike pi wo a, pi vit ke sa posib. Nan ka yon moun oswa yon antite vle soumèt kòmantè oswa entèvni an akò ak Lòd sa a, soumèt elektwonik, jan sa detaye pi wo a sifi. Pou mande materyèl nan fòm aksesib pou moun ki gen yon dezabilite/twoub (Braille, gwo enprime, fichye elektwonik, fòm odyo), kontakte kowòdonatè ADA Depatman an nan eeadiversity@mass.gov, 617-6261282.

Selon Lòd Depatman an,



Jeremy C. McDiarmid, Chèf



Staci Rubin, Komisè



Elizabeth A. Anderson, Komisè

APENDIS A

Règleman yo pwopoze yo ki gen mak pou montre chanjman ki enkòpore ladan yo.

APENDIS B

Anèks B ki atache isit la se yon vèsyon san mak nan Règleman Pwopoze yo.

